



Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV LIDÈCHIP SIVIK DOKTÈ HAZEL N. DUKES POU ONORE DEFEN LEJAND DWA SIVIL

Gouvènè a pral elaji tou bous SUNY Doktè Hazel N. Dukes pou avansman Dwa Sivil yo

Gouvènè a pwopoze pou ajoute eskilti pòtrè Doktè Dukes sou Gwo Esklaye Lwès Kapitòl Eta Nouyòk

Gouvènè a anonse omaj pandan Nouyòkè yo rasanble nan legliz Mother A.M.E. Zion nan Harlem pou fineray Doktè Dukes

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke biwo sèvis ak Angajman Sivik Nouyòk (Office of Service and Civic Engagement) pral nonmen pou onore Doktè Hazel N. Dukes, lejandè lidè dwa sivik Nouyòk. Inisyativ Lidèchip Sivik Doktè Hazel N. Dukes (Dr. Hazel N. Dukes Civic Leadership Initiative) pral responsab pou poumouvwa opòtinite sivik ak sèvis atravè Nouyòk, kontinye mete aksan sou sèvis piblik ak angajman sivik ke Doktè Dukes te defann pandan tout lavi li. Gouvènè a te anonse tou agrandisman bous Doktè Hazel N. Dukes SUNY pou Avansman Dwa Sivil yo.

"Doktè Hazel N. Dukes te yon jeyan nan mouvman dwa sivil la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Youn nan pi gwo onè nan lavi mwen se lè Hazel te prezide prestasyon sèman ofisyèl mwen kòm Gouvènè. Li te yon zanmi ou ka fè konfyans ak yon konseye kle, epi nou rann omaj ak eritaj li lè n kontinye envestisman nou yo nan sèvis piblik ak angajman sivik."

Inisyativ Lidèchip Sivik Doktè Hazel N. Dukes

Inisyativ Lidèchip Sivik Doktè Hazel N. Dukes pral konsantre sou efò sèvis angajman sivik la atravè Nouyòk. Li gen ladan Empire State Service Corps SUNY, kote elèv k ap patisipe yo angaje yo nan travay sèvis piblik peye pou plis pase 300 èdtan pandan ane a, k ap travay sou pwojè tankou èd pou katastwòf, sante mantal kamarad ak enskripsyon SNAP.

Nan kad Eta Leta 2024 li a, Gouvènè Hochul [te anonse](#) Biwo Sèvis ak Angajman Sivik pral pwofite patenarya ak resous ki egziste deja, ki gen ladan Komisyon Sèvis Nasyonal ak Kominotè Eta a (Commission on National and Community Service), pou elabore yon

plan dakasyon global pou mete plis Nouyòkè, sitou jèn nou yo, an kontak ak opòtinite sèvis yo.

Bous Doktè Hazel N. Dukes pou Avansman Dwa Sivil yo.

Gouvènè Hochul te anonse agrandisman Bous Doktè Hazel Dukes SUNY pou Avansman Dwa Sivil yo, ki pral sipòte yon manm kò pwofesè SUNY ke yo pral chwazi chak ane pou angaje yo nan rechèch oswa bous detid ki gen rapò ak dwa sivil, jistis sosyal, edikasyon sivik, diskou sivil ak aksyon kominotè. Aplikasyon pou Bous Doktè Hazel Dukes SUNY pou Avansman Dwa Sivil yo pral ouvri pou pi ta mwa sa a, epi premye bousye a pral nonmen nan mwa jen. Pwofesè SUNY ki gen tit akademik pèmanan ak sa ki sou wout pou gen tit pèmanan, k ap anseye nan kanpis Eta a ak kolèj kominotè SUNY yo, elijib pou aplike.

Sa a baze sou [anons ane pase](#) Gouvènè a pou etabli Bous Doktè Hazel Dukes atravè SUNY (Black Leadership Institute, BLI), kote yo chwazi yon moun ekstrawòdinè nan chak gwoup pou onore Doktè Hazel Dukes. Bous Doktè Hazel Dukes ta dwe reprezante valè yo, reyalizasyon, pasyon, lisidite, devouman, akòz divèsite, ekite ak jistis ki defini karyè ak lavi Madanm Doktè Dukes. Gouvènè Hochul te etabli SUNY Black Leadership Institute kòm yon pati nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la pou idantifye, ankouraje, ak sipòte devlopman ak retansyon lidè aktyèl yo ak nouvo lidè yo, pou yon sistèm inivèsitè ak yon nasyon k ap vin deplizanpli divèsifye.

Eskilti Pòtrè sou Gwo Eskalye Lwès la

Gouvènè Hochul anonse pwopozisyon li pou ajoute yon pòtrè grave Doktè Dukes nan Gwo Esklaye Lwès (Great Western Staircase) nan Kapitòl Eta Nouyòk nan Albany. Gwo Esklaye Lwès la gen ladan pòtrè anpil pèsonalite, tankou 30 premye gouvènè Eta Nouyòk, prezidan Etazini, eksploratè, politisyen, envantè, syantifik, otè, sòlda, powèt, aktivis ak abolisyonis. Sa ki pi resan yo te ajoute nan Gwo Esklaye Lwès la se yon pòtrè grave Jij Ruth Bader Ginsburg, ke Gouvènè Hochul [te devwale](#) an 2023.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)